Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 3 (7507)
20 январь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ХIалтIулаб сапаргун



I7 январалда нилъер районалъул администрациялда гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов. Муниципалитетазул бутIруз дандрана кIиялго районаз цадахъ тIуразаризе рес бугел суалал. Масала, Унсоколо ва Гумбет районазул гIорхъода триумфалияб арка лъеялъул. Гьеб букIине буго кIиябго районалъул тарихияб гьудуллъиялъул символлъул, гьезул бечедаб тарих ва канаб букIинесеб цадахъ тIамиялъе рес кьолеб хIужалъун.

## Дагъистаналдаги тIатана омикрон

Дагъистаналда медиказ тIатинабуна тIоцебесеб омикрон-штамм. Республикаялъул Госпотребнадзоралъул управлениялъ лъазабухъе омикрон коронавирусалъул мутациялъ унтун вуго 38 сон бугев бихьинчи. Гьеб штаммалъул вирус букIин чIезабуна Ставрополалъул гIелмуялъулгун цIехрехазул тIагIуналде данде хIалтIулеб институталда секвенированиеги гьабун.

ГьабсагIаталда республикаялда тIадчIараб хIалтIи гьабулеб буго унтаразул штаммал лъазариялъе.

Коронавирус

## Оперштабалъул данделъи



II сентябралда букIана Дагъистан Республикаялъул оперативияб штабалъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун букIана муниципалитетазда эпидемиялъул рахъалъ бугеб ахIвал-хIал ва бахунеб вирус тIибитIизе тунгутIиялъе гьаризесел тадбирал.

ВКСалда гIахьаллъана районалъул бутIрул ва гьоркьор лъурал суалал хъатIулел гIадамал. Нилъер муниципалитеталдасан ВКСалда гIахьаллъана бетIер ГI. НурмухIамадов ва зам. М. ХIамзатовги.

ГьабсагIаталда киса-кибего дунялалъул бокIназда хIалуцараб хIал буго коронавирусалъ унтарал цIикIкIунел рукIиналъ. Гьеб тIибитIунгутIиялъе гIоло нилъер территориялда кидагосеб хъаравуллъи чIезабун буго. Гьедин жакъа Унсоколо районалъул больницаялда руго 29 чи. Гьезул I4 язул буго пневмония, коронавирусалъ унтун вуго I5 чи. Киналго регизарурал гIадамазда гьоркьор руго 4 лъимер ва 65 ялдаса тIаде санал арал 9 чи. БетIерас бихьизабухъе регионалда вакцинация гьабиялъул иш гIодобегIанаб буго. Гьелъ рачунел руго захIматго унтиялде ва хвеялде. Унти бахиналъул хIинкъи гьабсаг1аталда цIикIкIараб буго.

Нилъер муниципалитеталъе, 202I соналъул I9 февралалда кьун букIана I2440 доза вакцинаялъул. Районалъул 32000 гIумро гьабулесе щолеб буго I5488 доза. Жакъа къоялде вакцина гьабун буго 66 % гIадамаз.

**Вирус бахунгутIиялъе гьабулеб цIодорлъиялъ ва вакцинация гьабиялъ рес кьола районалъул халкъазда гьоркьоб гьеб хвалилаб вирус тIибитIунгутIиялъе. Киналго ахIула гьеб кIвар цIикIкIараб ишалде пикру буссинабизе. Гьабе жиндир заманалда вакцинация! БичIчIа, нужер цIодорлъиялда ва пикру гьабиялъул бажариялда бараб букIин нужер сахлъи ва гIумрогицин!**

## БичIчIа, нужеца нужерго гIумро цIунулеб буго!



I7 марталда районалъул администрациялда цIидасанги данделъун букIана оперативияб штаб. Гьениб гьоркьоб лъуна муниципалитеталъул территориялда цIидасан тIибитIулеб бугеб омикрон инфекция тIибитIунгутIиялъул мурадалда гьарулел хIалтIабазул. Роспотребнадзоралъул баяназда рекъон январь моцIрол ахиралда хехаб къагIидаялъ ковидалъул цIияб штамм тIибитIизе рес бугин бихьизабулеб буго. Халкъалда гьоркьоб цIакъго вирус тIибитIунгутIиялъе гьоркьор къотIизаризе ккола бертаби, кверкьей цогидалги цIикIкIарал гIадамал данде ракIарулел тадбирал гьари. Оперштабалъул хIукмуялда рекъон гьал къоязда гьел гьаризе гьукъулел руго. Гьадинаб ахIвал-хIалалда банкеталъул залалги ккун гьединал халкъ бакIарарал тадбирал гьарулел ратани штрафал лъезе руго!

**Цадахъго халкъ вирусалъ унтарал хIужаби ккунгутIиялъе гьарула нужеда цIодорлъи гьабе-ян; кверазе дезинфекция гьабе, гIемерал гIадамал данде руссарал тадбирал тIоритIуге, бертаби, магIирукъзал гьари гьоркьор къотIизе те, унтаралгун дандчIваял гьариялдаса цIуне.** Гьедин гьарулеб буго медхIалтIухъабазе кумек гьабулел волонтераз. Гьелъул кIудияб кумекги букIине буго медперсоналалъе. Саназ нилъер сахлъиялъул хъаравуллъуда чIун жалго унтиялде рачIинчIого хIалтIулел гьезие дагьабниги квербакъи гьабуни бегьилаан.

**БичIчIа, нужеда, нужер гIакълуялда, цIодорлъиялда бараб жо гьабсагIаталда гIемер букIин, нужеца цIунулеб буго нужергоги аскIор ругезулги гIумро!**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 3
Хамиз
20 январь 2022 сон



## Пособиеги цIикIкIана

2022 соналда хIалтIи гьечIого хутIаразе щолеб бищунго цIикIкIараб пособиялъул къадар бахине буго I2792 гъурущалде. Гьеб 600 гъурущалъ цIикIкIунеб буго 202I соналъ щолеб букIараб гьебго пособиялдаса. Бищунго цIикIкIараб пособие щола гьоркьоса къотIичIого хIалтIулел рукIун гIодор чIезе ккаразе. ТIоцебесеб 3 моцIалъ гьезие кьола щолеб букIараб харжил 75 процент.

Бищунго гIодобегIанаб пособие кьола цебеккун хIалтIулел рукIинчIел, гIемераб заманаялъ хIалтIиги гьечIого гIодор чIун рукIарал граждаазе

**Проектал**

# «100 лъималазул ах» проект хIалтIизе буго



Дагъистаналъул Правительствоялъ хIисабалде босун буго жеги школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазул организациязул ахIвал-хIал лъикIлъизабиялъе «I00 детсадов» - абураб республикаялъул проект хIалтIизе биччазе. Гьеб гIумроялде бахъинабизе буго РДялъул Экономикаялъулгун территориалияб церетIеялъул Министерствалъ «I00 школ» проектго гIадин.

«Гьеб проекталда гIахьаллъизе муниципалитеталъ кьезе ккола кьучI бугел заявкаби. Проектал тIаса рищула конкурсалъулаб ахIвал-хIалалда ва тасдикъ гьабула РДялъул Правительствалъул хIукмуялдалъун,-ян бихьизабуна ведомствалъул жавабияв нухмалъулев Руслан ГIалиевас.

Жакъа къоялде республикаялда къач1алел руго 900 ялде гIагарун лъималазул ахал. Гьезда гьоркьоса капиталияб ремонталде хIажаталлъун руго 300 учреждение.

Цо проекталъул бюджеталдасан кьолеб субсидиялъул къадар букIине буго лъай кьеялъул учреждениялъул проекталъул хIисаб-суалалда рекъон. Гьенибе гьоркьобе бачине бегьула 5 % щвезегIан субсидиялъул къадаралъухъги балагьун. Гьеб проекталъул иналда гьоркьобе цоги бакIалъул финансирование къабул гьабизе гьечIо. ХIалтIул аслияб шартI букIине буго «I00 школ» проекталъул гIадаб.

**БАЯН**

**«I00 школ» республикаялъул проект Дагъистаналда хIалтIизабулеб буго 4 соналъ. Республикаялъул жиндирго ва цогидаб къуваталдалъун муниципалитетазул, меценатазул данде бачун гьеб заманалда жаниб проекталъ ремонт гьабун буго 575 школалъе. Гьеб ишалъе гIаммаб къаг1идаялъ биччараб гIарцул къадар бахуна республикаялда 85I,3 млн., спонсорлъиялъул кумек бахана 336 млн. гъурущалде.**

**202I соналда проекталда гIахьаллъана I05 гIаммаб лъай кьеялъул школал. Республикаялъул бюджеталдаса проект гIумроялде бахъинабиялъе бихьизабун буго 200 млн., меценатазул кумек бахуна 50 млн. гъурущалде.**

# Школал цIунизе - ЧСБ



I2 январалда Унсоколо районалъул бетIер ва терроризмаде данде чIеялъул комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас, жиндирго хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатовгун цадахъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистан республикаялъул Антитеррористическияб комиссиялъул заседаниялда. Гьеб унеб букIана ВКСалъул форматалда.

Кьойил темаялда ралагьулел рукIана лъай кьеялъул оранизациял терроризмалдаса цIуниялъул суалалъухъ.

Данделъиялъул ахиралда бетIерасул бихьизабиялда рекъон дандчIвай гьабуна хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул ЧОО «ЧСБ» ОООялъул хъулухъалъул нач. СултIан Расуловичасулгун. Бугеб хIалалъул хIасилазда рекъон хIукму гьабуна 2022 соналъул I февралалдаса нахъе «Унсоколо район» МОялъул школал «ЧСБ» жидецаго гIуцIараб организациялъ цIунизе.

**ДандчIвай**

# ГIуцIадго хIалтIулезе - шапакъатал




I5 январалда букIана Унсоколо № I школалъул педагогазул коллективалъулгун районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул ва республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасулги дандчIвай. Тадбиралда гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, росдал бетIер Х. ГIабдулаев ва цогидалги.

Гьеб дандчIваялъе аслияб гIиллалъун букIана лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIулъ тIадегIанаб махщалидалъун ратIа гьарулел школалъул педагогазе ХIурматиял грамотабигун сайгъатал кьей.

Гьалбадерида дандчIвай гьабуна миллияб ретIелги ретIун баркалаялъулаб кIалъайгун, кванилал нигIматазде ахIигун ва лъикIаб гьара-рахьигун. Гьеб ана кутакалда хинаб, гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда.

Ахириял саназда тарбиялъай кьеялъулъ лъикIал хIасилал росулел руго гьеб школалъул педагогазул коллективалъ. Гьениб хIасил кьолеб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIаралъухъ школалъул директор М-Р. ГъазимухIамадовасе ХIурматалъул грамота кьуна РДялъул НСалъул депутат М. МухIамадовас. Гьел щвана хIалтIи лъикI бачунел педагогазеги.

**ЗахIмалъаби**

# Ток бухIулищ – гIарац кье!

I5 январалда Унсоколо районалда букIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги «Дагестанская энергосбытовая компания» ПАОялъул директорасул ишал тIуралев Максим Долголевасулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, Унсоколо РЭСалъул нухмалъулев М. ГIабдурахIманов ва цогидалги.

Гьез дандбалеб аслияб суал букIана захIмалъилъун лъугьун бугеб, гIадамаз бухIараб токалъухъ гIарац кьунгутIиялъул. Гьениб бицен ккана качественнияб къагIидаялъ электроэнергия кьолеб гьечIолъиялъулги, цо-цо росабалъ гьелъул напряжение гIолеб гьечIолъиялдаги тIадчIей гьабуна. ДандчIваялда бихьизабухъе руго захIмалъаби г1арац бак1ариялъулги, ток кьеялъулги цIикIкIарал налъаби рукIиналда хурхарал. Гьеб суал тIубаялъе тIадегIанал идарабаздасан кумек гьариялъулги бицен ккана. Гьенибго бицана муниципалитеталъул гIадамалгун дандчIваялъул, электроэнергия бухIаралъухъ гIарац чара гьеч1ого кьезе ккеялъул.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 3
Хамиз
20 январь 2022 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



## СПИСОК
## кандидатов в присяжные заседатели для работы Верховного Суда Республики Дагестан на период с 01 января 2022 года до 31 декабря 2026 года МО «Унцукульский район»

| № | Фамилия | Имя | Отчество |
|---|---|---|---|
| 1 | Абдулаев | Саид | Ахмедович |
| 2 | Абдулаев | Муслим | Абдулаевич |
| 3 | Абдулаев | Рамазан | Ахмедович |
| 4 | Абдулаев | Джамалудин | Камилович |
| 5 | Абдулаев | Абдурахман | Ахмедович |
| 6 | Абдулаев | Ахмед | Закарьяевич |
| 7 | Абдулаев | Хасан | Абдулаевич |
| 8 | Абдулвагабов | Махач | Ахмедович |
| 9 | Абдурахманов | Рамазан | Абдулгамидович |
| 10 | Ахмедов | Магомедгаджи | Абдулаевич |
| 11 | Абдужафаров | Абдужафар | Магомедалиевич |
| 12 | Асхабалиев | Гаджимурад | Саидович |
| 13 | Баталов | Магомед | Зайнудинович |
| 14 | Гаджиев | Магомед | Муртазаевич |
| 15 | Гаджиев | Шамиль | Ханмагомедович |
| 16 | Гаджиев | Шамиль | Абдулаевич |
| 17 | Гамзатов | Магомед | Ахмедович |
| 18 | Гамзатов | Юсуп | Бадаевич |
| 19 | Гасанов | Магомедтагир | Магомедалиевич |
| 20 | Гасанов | Магомед | Абдурахманович |
| 21 | Гасанов | Магомедхабиб | Шамилович |
| 22 | Джамалудинов | Магомед | Магомедзагидович |
| 23 | Джамирзаев | Абдурахим | Гаджиевич |
| 24 | Исаев | Нариман | Исаевич |
| 25 | Камилов | Зуркилав | Магомедович |
| 26 | Керимова | Бурлият | Магомедовна |
| 27 | Курамагомедов | Рашид | Магомедович |
| 28 | Магомаев | Магома | Магомедович |
| 29 | Магомаев | Магомед | Гамзатович |
| 30 | Магомедалиев | Ахмед | Абдулаевич |
| 31 | Магомедов | Ахмед | Шамилович |
| 32 | Магомедов | Гаджимагомед | Магомедович |
| 33 | Магомедов | Магомед | Насибович |
| 34 | Магомедов | Иса | Магомедрасулович |
| 35 | Магомедов | Асхаб | Магомедович |
| 36 | Магомедов | Нурудин | Гаджимагомедович |
| 37 | Магомедов | Ибрагим | Джамалович |
| 38 | Магомедов | Магомед | Ниматулаевич |
| 39 | Магомедов | Магомед | Магомедрашадович |
| 40 | Магомедов | Магомед | Ахмедович |
| 41 | Муршидов | Хизри | Магомедович |
| 42 | Мусаев | Мугума | Алиевич |
| 43 | Мусаев | Муса | Магомедович |
| 44 | Мухидинов | Газимагомед | Магомедович |
| 45 | Нурмагомедов | Махач | Джамалудинович |
| 46 | Нурмагомедов | Башир | Ахмедович |
| 47 | Пирбудагов | Рашид | Магомедович |
| 48 | Султанов | Гамзат | Магомедалиевич |
| 49 | Хабибов | Хабиб | Юсупович |
| 50 | Хабибов | Магомед | Адамович |

## Стартовал прием заявок для участия в республиканском проекте «Местные инициативы» в 2022 году

Данный проект реализуется в регионе с 2019 года в целях поддержки органов местного самоуправления и населения в решении наиболее актуальных проблем развития общественной инфраструктуры.

В текущем году на реализацию проекта «Местные инициативы» в республиканском бюджете предусмотрено 400 млн рублей.

Главное условие проекта – обеспечение софинансирования проекта из муниципального бюджета, а также за счет средств меценатов – остается неизменным. При этом в порядок предоставления субсидий на реализацию местных инициатив внесены ряд существенных изменений (Постановление Правительства РД от 30 декабря 2021 года № 386 «О внесении изменений в постановление Правительства Республики Дагестан от 25 апреля 2016 года № 110»).

В частности, изменен перечень объектов общественной инфраструктуры, подлежащих модернизации в рамках проекта: исключены открытые плоскостные спортивные сооружения и включены автомобильные дороги и сооружения на них.

Изменены также критерии финансового обеспечения проекта. Доля финансирования из бюджетов сельских и городских поселений составит не менее 3% от размера субсидии из республиканского бюджета, доля финансирования из муниципальных бюджетов – не менее 6%.

Вместе с тем увеличен предельный объем предоставляемых субсидий: до 5 млн рублей – для проектов реализуемых поселениями, до 10 млн рублей – для проектов, реализуемых муниципальными районами и городскими округами.

Участие внебюджетных источников в реализации проекта в этом году предусмотрено исключительно в денежной форме (не менее 15% от общей стоимости реализации проекта), тогда как в предыдущие годы меценаты могли предоставить необходимые материалы и обеспечить выполнение ремонтных работ.

Сбор заявок на участие в проекте в этом году продлится до 31 марта. Перенос данного срока на более ранний период обусловлен целесообразностью завершения реализации проектов до начала зимних холодов.

## Объявлен выговор заведующей детским садом в с. Цатаних

По представлению ОМВД России по Унцукульскому району главой муниципалитета Исой Нурмагомедовым объявлен выговор заведующей МКДОУ №12 «Чебурашка» Марьям Гусейновой за грубое нарушение трудовой дисциплины.



Вопросу безопасности детских образовательных учреждений нашего района уделяется огромное внимание. Не раз проводились совещания на эту тему и в администрации Унцукульского района. Регулярно проводятся проверки пунктов охраны и организации системы безопасности в детских садах.

Так, 11 января текущего года сотрудниками ОМВД при проверке организации безопасности воспитанников детских садов в населенных пунктах района было выявлено, что охранник детского сада №12 в селении Цатаних на своем рабочем месте в момент проверки отсутствовал.

Отсутствие сотрудников, отвечающих за безопасность, на рабочем месте является грубейшим нарушением. Марьям Гусейнова предупреждена о принятии более жестких мер наказания в случае повторного выявления нарушений трудовой дисциплины.

Такие же меры будут приняты ко всем руководителям детских образовательных учреж-дений муниципалитета в случае выявления подобных фактов.

Буголъиялъул документация

## Буголъиялъул хъвай-хъвагIай гьабизелъун



Гьал къоязда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги районалъул имамазул Советалъул пред. Н-М. МухIамадовасулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана «Служба земельно-кадастровых имущественных отношений» МКУялъул начальник М. МухIастанов, «Молодежь Унцукульского района» ДРОО общественнияб организациялъул нухмалъулев ГI. АхIмадинов, «Инсан» кумекалъулаб фондалъул нухмалъулев М. МухIамадов.

ДандчIваялъул аслияб тема букIана муниципалитеталъул мажгитазулгун мадрасабазул буголъиялъул данде кколеб документация гьаби, недвижимосталъул пачалихъияб регистрация гьаби ва Цогояб пачалихъияб (ЕГРИ) – федералиябгун информационнияб системаялда гьоркьоб лъей, киналго объектазул хъвай-хъвагIай гьаби ва бетIергьабилъун рахъинари.

Тарих ва гIадамал

## «Ансадерил хIурматияв гражданин» цIар

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас «Гъойсубулиялъул (эркенаб) обществалъул XVIII-XIX гIасрабазул гIелмуялъулабгун тарихалъул культураялъул цIехрехазулъ лъураб жигараб бутIаялъе гIоло» «Унсоколо районалъул хIурматияв гражданин» абураб цIар ва гIаламат кьуна Хьаргаби районалдаса ГIумар Аварскиясе. Баркалаялъулаб кIалъай гьабулаго бетIерас бихьизабуна: «Баркула, Дуда ГIумар МухIамадович, мустахIикъаб шапакъат хъвадариялъе бугеб махщелалъухъ, тарих цIуниялъулъ лъолеб бутIаялъухъ. Дуца кIудияб бутIа лъолеб буго гIелмуялъулъ тарих ва этнография цIуниялъулъ. Гьарула, Дуе хадубккунисеб гIумроялъул нухда рекIел мурадал тIурай,»-абун.



ГIумар Аварский ккола 5 тарихалъулгун этнографиялъул тIехьалъул ва пьессаялъул автор, Россиялъул хъвадарухъабазул ва журналистазул Союзалъул член, Могьохъ, Къудукь росабазул хIурматияв гражданин, гьанже нилъер районалъулги. Нижер информагенствалъулгун букIараб гара-чIвариялда рекъон гьесда ракIалда буго авар мацI цIуниялъе ва машгъур гьабиялъе общественнияб клуб рагьизе.

ГIумар Аварскиясул ахирисел хIалтIабазул цояб ккола «XVIII-XIX гIасрабазда Гъойсубулиялъул (эркенаб) общество» абураб тIехь. Гьеб бихьизабулеб буго Дагъистаналъул культура, гIумро-яшав лъазабиялъе историказе, этнографазе, студентазе ва цIалдолезул гIатIидаб аудиториялъе.

## ЛъикIлъи азариде бахинабеги!



Ахираб заманалда гIадатлъун лъугьун буго ЦIияб соналъул асаралда гъоркь лъимал рохизари, гьезие сайгъатал кьей. Гьедин РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасул гьариялда рекъон «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов щвана районалдаса I0 гIажизал лъималазухъе, гьезда баркана ЦIияб Сон, цIехана гьезул гIумроялъе ругел ресал, кьуна сайгъатал. Лъимал рукIана 8 ялдаса I7 сонил гIумроялда ругел. Гьезда гьоркьор рукIана ГIалиев МухIамад, Аминат МухIамадова, Марьямасият ГIабдурахIманова, ПатIимат ГIабдурахIманова, Хадижат ГIабдурахIманова, Сайгид МухIамадов, Суайбат МухIамадова, ГIалиасхIаб МухIамадов, ГIабдула МухIамадовги.

Лъимал кутакалда рохана праздникалда цебе депутатас жидедехунго кьураб кIваралдаса, сайгъатаздаса. Гьез ва лъималазул эбел-инсуца ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго М. ГIабдулмажидовичасе лъимал рохизаруралъухъ ва гIадатияб гуреб сайгъаталъухъ.

Биччанте лъимал рохиялъе гьабураб лъикIлъи Дур азариде бахинабизе,-ян гьарулеб буго лъималазул эбел-инсуца.

## Заман бачIун буго

БитIарабщинаб жо мекъи бихьараб
Бегьулаpебщинаб лъикIилан ккараб,
ЧIахIиязул адаб гIодой рехараб
Заман бачIун буго гьанже нилъеде.

Бицунеб цо буго, рекIелъ цо буго
ГIадада замана тIамулеб буго.
БадибчIвай гьабизе бегьулев инсан
Ракьалда ватизе цIакъ захIмат буго.

Иман-исламилан ахIулеб буго
Рихьдае гьабулеб гIемерлъун буго,
Живго щив чияли лъазе течIого
Цогидалги какун кепалда вуго.

Эбел-эмен, вац, яц кIочонел руго
Гьудул-гьалмагълъи лъугIулеб буго,
Техника – телефон аслияб буго
ЦIар лъезе лъалареб заман щун буго.

Цояв кIалъазегIан цояв чIоларо
Жив-жив цIакъавилан цеве кIанцIула,
Адаб-хатиралъул нур ссунеб буго
Сабру-сахаватлъи тIагIунеб буго.

Нилъ хисулел руго, къадарлъун руго
Нафс квегьиялъул иш кIочон тун буго,
Бицаралда рекъон къадараб хIехьон
Къосунеб нухалде хьетIулел руго.

БетIергьанас нилъей гIакълу кьун буго
ГIаданлъун вукIине гIумро кьун буго,
Бугеб гьаб ахIвал-хIал кодохъ босизе
Щай бажарулареб, гIадамил лъимер!

ГIолилал нахъе къан, херал руцIун чIун
Гьадин гIодой риччан щай нилъ чIун ругел?
ГIумро унеб буго, дунял - ахират
РитIун нилъ ккеялда нуж божун ругищ?

**Сулейман МУХIАМАДОВ**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 19. 2022 г.
17.30
фактически -18. 50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.